

Andédan jaden Édèn nan, Adan ak madan-m li ké Bondyé té rélé Ève, tap viv byen anpil, nan abondans ak lajwa, é yo pat jamé manké obéyi Bondyé. Bondyé té Mèt ak Sényè yo, sé Limen-m ki tap pran swen yo é Li té zanmi yo.




19

Lè Bondyé té kréyé tout bagay  
Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,  
Nap jwen-n nan  
Jénèz 1 ak 2

"Pawòl Bondyé poté limyè."  
Sòm 119 : 130

# Lè Bondyé té kréyé tout bagay



Èkri pa Edward Hughes  
Ilistré pa Byron Unger; Lazarus

Tradwi pa Christine Pierre-Lhermite  
Adapté pa Bob Davies; Tammy S.

Istwa 1 nan 60

**M1914.org**

**Bible for Children, PO Box 3, Winnipeg MB R3C 2G1 Canada**

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,  
dépi sé pa pou van-n ou fè li.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché.  
Pinisyon pou péché sé lanmò.

Sèlman, Bondyé renmen nou si tèlman, ké Li voyé sèl gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé dèt péché nou yo pou nou. Apré sa, Jézi té résisité, é Li monté nan syèl la ! Kounyé-a Bondyé ka padonnen péché nou yo.

Ou men-m tou, si ou vlé viré do-w bay péché, rémèt Bondyé lavi-w, résité priyé sa : "Bondyé l'Étènèl, mwen kwè ké Jézi té mouri pou mwen, épi Li résisité ankò. Tanpri, antré nan lavi mwen, padoné péché mwen yo, pou-m sa gen yon nouvo lavi, pou-m sa toujou maché avè-w pou tout tan. Édé-m viv pou ou, an tan ké pitit ou. Amèn". Jan 3 : 16.

Li LaBib ou épi palé ak Bondyé chak jou !

kréyol Ayisyen


Haitian Creole

Ki lès ki té kréyé nou ? Nan LaBib la, Pawòl Bondyé-a di nou kijan ras vivan-an té kòmansé. Sa fè lontan, Bondyé té fè prémyé moun ki té ékzisté sou tè-a, é Li té rélé li Adan.




1

Bondyé té fè Adan ak pousyè tè-a. Lè Bondyé souflé souf lavi nan Adan, li vin gen lavi. Lè Adan vin gen konsyans, li jwen-n tèt li nan yon jaden yo rélé Eden.




2

Avan Bondyé té fè Adan, Li té kréyé yon bèl tè plen ak anpil bèl bagay. Len aprè lòt, Bondyé fè mòn ak laplen-n, flè ki santi bon ak gwo pyé bwa, zwazo ak bèl plim, gèp kap boudonnen, pwason ak limas,... An réyalité, Bondyé fè tout sa ki ékzisté - Tout bagay.




3

Nan kòmansman, avan Bondyé té fè tout bagay, pat gen anyen éksépté Bondyé. Pat gen moun, pat gen koté, pat gen bagay. Anyen. Pat gen limyè, pat gen fè nwa. Pat gen an wo, pat gen an ba. Pat gen yè, pat gen démen. Sèl sa ki té genyen sé té Bondyé ki pa gen kòmansman. Alò Bondyé aji ! Nan kòmansman, Bondyé kréyé syèl la ak tè-a.




4

Tè-a pat gen anken-n fòm é li té vid. Fè nwa té kouvri tout fas tè-a. Bondyé di konsa: "sé pou limyè kléré."




5

É limyè-a limen. Bondyé rélé limyè sa lajounen, épi Li rélé fè nwa-a lan nwit. Sé té prémyé aswè ak prémyé matin ki té ékzisté, prémyé jou sou tè-a.



6

Dézièm jou-a, Bondyé mété lòd nan tout dlo oséyan, lanmè ak lak yo. É twazièm jou-a Bondyé di konsa : "sé pou tè-a parèt" alò li parèt.




7

Bondyé kòmandé tout patiray, flè, rasin ak pyé bwa yo tou, pou yo parèt, é yo parèt vré. Tout sa fèt nan twazièm jou-a, ant yon swa ak yon maten.




8

Apré sa Bondyé kréyé solèy la, lalin nan, ak si tèlman zétwal ké pèsou-n pat kapab konté yo. Lajounen ak aswè sa, Li rélé li katrièm jou.



9

Tout bèt lanmè yo, pwason yo ak zwazo yo té sou lis Bondyé pou Li kréyé tou. Nan senkièm jou-a, Li kréyé dépi sòti nan gwo pwason yo rivé jouk nan ti sadin yo, sòti nan gwo zwazo yo rivé nan ti pipirit yo. Bondyé kréyé chak éspès pwason ki pou chajé anba tout dlo sou tè-a ak chak éspès zwazo kap pwofité tè-a, lanmè yo ak syèl la. Lajounen ak aswè sa, Li rélé li senkièm jou.



10


Apré sa, Bondyé palé ankò. Li di, "Sé pou nan tè-a sòti tout kalité kréyati vivan" alò, tout kalité zannimo ak ti bèt parèt. Té gen gwo éléfan tankou kastò. Té gen makak tankou gwo kayiman. Té genyen tou, ti vètè kap woulé kò yo tankou ékirèy tout koulè kap kouri tout koté. Ou té ka wè tou, gran jiraf men woté ansan-m ak pakèt chat. Jou sa-a, Bondyé té vrèman kréyé tout kalité bèt ki ka ékzisté.

Jou swa sa-a ak maten sa-a té fè sizièm jou.



11

Bondyé té fè yon lòt bagay tou nan sizièm jou sa-a. Yon bagay ki té trè éspésyal. Tout bagay té paré sou tè-a pou lòm ka viv. Té gen manjé nan jaden yo, épi té gen bèt pou sèvi lòm.




12

Kidonk Bondyé di konsa "kité-m kréyé lòm yon fason pou li sanblé avè-m. Map fè li ak pouwva ki ka pèmèt li kòmandé tout sa ki ékzisté sou tè-a". Alò Bondyé kréyé lòm tankou Li men-m, sanblé avèk Li, Li kréyé tout moun ...



13

Prémyé moun Bondyé té kréyé-a, Li té rélé-l Adan. Bondyé palé ak Adan, Li di-l konsa "Ou mèt manjé tout sa ki entérésé-w nan jaden an. Sèlman pinga-w manjé nan pyé bwa ki donnen fwi ki bay konésans byen ak mal lan. Si-w manjé ladan-l, wap mouri sèten".



14

Apré sa, Bondyé di konsa "li pa bon pou gason rété pou kont yo. Kité-m chaché yon kréyati ki ka édé-l". Bondyé fè tout zwazo ak tout bèt rasanblé kot Adan.



15

Li di Adan pou-l ba yo chak yon non. Fò Adan té entèlijan anpil pou té rivé jwen-n yon non diféran pou tout kantité bèt sa yo. Sèlman, Adan pa jwen-n yon-n ladan yo ki té ka yon konpay pou viv avè-l é pou édé-l.



16

Lè Bondyé wè sa, Li fè yon gwo dòmi pran Adan, épi Li wété yon-n nan kòt Adan pou-L té sa kréyé yon fi. Fi-a té ékzaktéman sa Adan té bézwen pou viv avè-l.



17

Bondyé kréyé tout bagay nan sis jou. Apré sa Bondyé béni sètyèm jou-a é li déklaré ké jou sa va yon jou répo.



18